



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 21 MILYON DOLA NAN ROCHESTER

Apatman Union Square yo bay 72 lojman nan pri abòdab nan East Avenue, sa gen ladan 21 inite ki rezève pou moun ki nan sitiyasyon sanzabri

Investisman an antre nan kad Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan - ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèyman Apatman Union Square yo, yon devlopman lojman sipò 21 milyon dola ki sèvi kominote LGBTQ+ ak lòt moun ki nan sitiyasyon sanzabri nan vil Rochester. Fini alè pou Mwa Fyète a, devlopman an bay 72 lojman nan pri abòdab pou fanmi ak moun ki gen revni ba yo, sa gen ladan 21 inite ki gen sèvis sipò sou plas pou moun k ap viv avèk VIH oswa ki gen 55 ane oswa plis epi ki bezwen asistans avèk lavi chak jou.

"Pi bon fason pou lite kont sitiyasyon sanzabri ak ensekirite lojman an nan eta nou an se nan travay dirèkteman avèk Nouyòkè nou yo ki pi gen plis risk", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap selebre Mwa Fyète a, ouvèti Apatman Union Square yo pral bay Nouyòkè LGBTQ+ yo - ke sitiyasyon sanzabri souvan afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl - aksè pou lojman nan pri abòdab ak sèvis sipò yo bezwen pou mennen lavi an sante ak endepandan. Devlopman lojman sipò sa a reprezante yon lòt akonplisman nan efò global nou pou atenn egalite nan lojman nan Eta New York yon fwa pou tout".

"Chak Nouyòkè merite gen yon twa sou tèt yo, sa gen ladan sila yo ki sanzabri epi k ap viv avèk VIH", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kominote akeyant LGBTQ+ sa a nan Rochester pral gen ladan 72 lojman nan pri abòdab ak sèvis sipò. Anons jodi a reprezante angajman Eta New York pou yon avni ki pi bèl, pi enklizif pandan n ap rekipere nou de pandemi an".

Sitiye nan 275 East Ave., Union Square kat etaj la te konstwi nan kad Pwojè Transfòmasyon Inner Loop East la, pwojè sou plizyè ane, 20 milyon dola Rochester a pral retire otowout ki separe katye lès yo de Sant Vil la nan objektif pou tounen soude ansanm pyeton, fabrik komèsyal ak rezidansyèl yo nan de domèn. Apatman Union Square yo se twazyèm devlopman nan Loop la.

Ouvri pandan Mwa Fyète a nan Eta New York, Union Square se yon kominote akeyant LGBTQ+ ki pral redui inegalite nan lojman nan Rochester. Kominote LGBTQ+ la pami gwoup ke sitiyasyon sanzabri ak ensekirite lojman afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Devlope pa Home Leasing, devlopman an ofri 72 inite lojman nan pri abòdab pou fanmi ki touche 80 pousan revni mwayen zòn lan oswa mwens pase sa. Chak apatman gen ladan yon machin pou lave vesèl, klimatizasyon santral, espas depo ak balkon, anplis de aksè ak yon sal kominotè, sal kondisyonman fizik, sal lesiv, depo bisiklèt pa anndan, espas lwazi anplennè ak pakin sou plas.

Trillium Health ap bay sèvis sipò sou plas bay 21 inite nan Union Square. Pou elijib pou apatman sa yo, moun yo dwe nan sitiyasyon sanzabri epi ap viv avèk VIH oswa gen 55 ane oswa plis epi bezwen asistans nan omwen youn nan aktivite fondamantal lavi chak jou, tankou konpetans pou viv endepandan oswa jesyon finans ak benefis.

Nan patenarya avèk lòt pwogram kominotè, kowòdonatè lojman yo pral evalye chak bezwen patisipan yo epi elabore yon plan sèvis pèsonalize pou kenbe establi lojman ak byennèt jeneral. Patisipan yo pral gen aksè tou ak sesyon edikatif an gwoup ak pèsonalize, sipò ant kamarad, fòmasyon nan konpetans pou viv endepandan ak lòt sèvis konplèmantè pou sipòte bezwen yo.

Finansman Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York lan pou Union Square lan gen ladan 4.3 milyon dola sou fòm kontra pèmanan ki san enpo, kredi enpo lokatif pou moun ki gen revni fèb federal yo, ki te jenere 7.2 milyon dola nan ekite ak yon 8.4 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon. Sèvis ak sibvansyon lwaye yo jwenn finansman atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè a epi se Biwo Sante Mantal Eta a ki administre li.

Union Square fè pati plan lojman nan pri abòdab san parèy, sou senkan, 20 milya dola Gouvènè Cuomo a. Plan Gouvènè a pral founi tout Nouyòkè yo aksè ak lojman san danje epi ki abòdab lè y ap konstwi epi prezève 100,000 inite lojman ki nan pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipò.

Pwojè a bati tou sou estrateji jeneral Gouvènè a pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an nan tout eta a ki gen ladan "Finger Lakes Forward", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te envesti 688 milyon dola nan rejyon Finger Lakes la pou kreye oswa prezève anviwon 8,000 lojman abòdab.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, te deklare, "Pandan n ap komemore Mwa Fyète a, New York ap kontinye lidèchip nou nan batay pou jistis, enklizyon ak konpasyon pou kominote LGBTQ+ la. Envestisman nou nan Apatman Union Square la ap abòde bezwen yon kominote ke ensekirite lojman afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl epi ki souvan pa kapab jwenn swen sante

desan ak byenveyan. Atravè patenarya nou avèk Home Leasing ak Trillium Health, n ap livre 72 bèl kay avèk sèvis ki pèmèt moun viv ak lajwa, an sante ak yon lavi ki gratifyan".

Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing, Bret Garwood, te deklare, "Nan Home Leasing, nou angaje pou kreye kominote ouvè, toleran ak enklizif kote rezidan nou yo kapab viv ak pwospere san diskriminasyon. Union Square bay 72 apatman nan pri abòdab nan yon kominote akeyant LGBTQ+. Union Square kontinye bèl travay pou transfòme Inner Loop la pou tounen yon katye anba lavil ki dinamik ak entegre.

Senatè Jeremy Cooney te deklare, "Nouvo Apatman Union Square yo pral bay lojman nan pri abòdab ak espas pou viv san danje ki nesèsè anpil pou kominote ki te istorikman sibi diskriminasyon sou mache lojman an. Rochester pi djanm lè tout moun gen yon plas ke yo ka rele lakay. Patenarya pami tout gwoup sa yo nan chak sektè pou investi plis nan popilasyon vilnerab Vil nou yo pral yon eleman enpòtan nan rekiperasyon nou de pandemi an".

Manm Asanble Harry B. Bronson te deklare, "Moun k ap viv avèk VIH/SIDA bezwen lojman kòm yon fondasyon pou rete an sante. Yo souvan majinalize, mete yo deyò, rejte nan anpil lòt fason, ak gen plis bezwen estabilite pou asire yo kapab viv yon lavi ki pi an sante. Union Square konsevwa, atravè asistans pou lojman ak sèvis sipò pou gen yon gwo enpak sou lavi rezidan Rochester ki gen revni fèb yo, espesyalman sila yo k ap viv avèk VIH/SIDA. Ouvèti Union Square se rekonesans ke youn nan pi bon zouti pou mete fen nan epidemi an se bay lojman estab, nan pri abòdab, ki mennen nan pi bon rezilta sante pou moun k ap viv avèk VIH/SIDA ak mwens transmisyon".

Majistra Lovely A. Warren te deklare, "Kòm majistra yon vil ki gen yon nòt 100 nan Endis Egalite Minisipal Kanpay Dwa Imen an, mwen fyè ke Rochester kontinye reflekte ideyal ekite ak jistis sosyal ke Frederick Douglas ak Susan B. Anthony adopte. Nan ofri fondasyon yon lojman nan pri abòdab ak sèvis sipò pou sila yo k ap viv avèk VIH ak granmoun aje ki gen difikilite pou mennen yon lavi endepandan, Apatman Union Square yo pral temwayaj ideyal sa yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Andrew Cuomo, Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal) Eta New York la, Empire State Development, Trillium Health ak Home Leasing pou gwo investisman sa yo nan vil Rochester ak dèske yo ede nou avanse efò nou yo pou kreye plis anplwa, katye pi an sekirite ak plis dinamik ak pi bon opòtinite edikatif pou sitwayen nou yo".

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "Ouvèti Apatman Union Square yo se yon bagay ki eksitan pou vil Rochester sou plizyè aspè. Toudabò, li montre efò kontinyèl pou revitalize zòn ozalantou Union Street la konfòmman avèk Pwojè Transfòmasyon Inner Loop East la. Atravè pwojè tankou sa a, sa ki te esansyèlman yo paj blanch ap boujonnen pou tounen yon kominote divèsifye. Answit, vizyon Apatman Union Square yo admirab. Devlopman sa a te konsevwa nan sans ke pri abòdab se yon bagay ki esansyèl. Konplèks la pral disponib pou anpil moun ki te plis sibi domaj akòz kriz lojman aktyèl la, sila yo ki gen kondisyon sosyal ak ekonomik ki ba. An final, ekipman ki disponib pou rezidan yo, yon fwa yo anmenaje, ap fòm idab.

Apa sant kondisyònman fizik la, sal lesiv la, ak lòt bagay, swen pèsonalize pou chak rezidan ke Trillium Health bay pral fondamantal pou asire sila yo k ap viv nan konplèks la jwenn asistans yo bezwen pou viv yon lavi kè kontan ak an sante".

Andrea DeMeo, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Trillium Health, te deklare, "Kòm yon Sant Sante Gouvènman Federal la Kalifye ak Klinik Ryan White, Trillium Health devwe pou ankouraje egalite nan sante ak bay swen sante pou manm ki pi vilnerab nan kominote nou an. Nou konnen ke lojman se yon detèminan sosyal enpòtan pou sante - ou pa kapab geri, konsève medikaman ou an sekirite, respekte yon rejim medikaman, oswa asire vizit regilye kay doktè swen primè ou si ou pa gen sekirite lojman. Nou rekonesan pou opòtinite pou elaji sèvis nou yo nan vil la ak ankouraje egalite nan sante nan Rochester".

Akselasyon Inisyativ Finger Lakes Forward

Anons jodi a konplete "[Finger Lakes Forward](#)," ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Depi ane 2012, Eta a te deja investi plis pase 8 milya dola nan rejyon an pou etabli fondasyon pou plan an – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon investisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU